

Jwenn Djòb Ou Vle an – Entèvyou

Landing the Job You Want – Interviewing



Rezime ou ak lèt enfòmasyon an van konesans ou sou papye. Kounyea fòk ou pase tès fas a fas lan—entèvyou an ak petèt nouvo patwon w. Kijan pou ou prepare? Kisa ou ka di pou konvenk moun k ap fè entèvyou an ke se ou ki meye moun pou djòb la?

Sa yo se kèk kesyon ou douwe reponn pandan ou ap kontinye chèche travay. De rasanble enfòmasyon sou konpanyi an a achalande konesans ou, fèy enfòmasyon sa pral dekri kèk konsèy pou bay yon bon premye enpresyon!

Rasanble Enfòmasyon Sou Konpanyi an

Deske ou byen pase entèvyou an, premye priyorite w douwe jwenn plis enfòmasyon sou konpanyi an. Yon bon fason pou jwenn bonjan enfòmasyon se pou rele biznis lan epi mande pou li. Mande pou yon rapo anyèl oswa lòt atik pwomosyonèl ki ba ou enfòmasyon sou sèvis oswa pwodwi yo fabrike, popilasyon yo sible an, bidjè anyèl ak lòt estatistik enpòtan. Lè ou aprann yon bagay sou kilti konpanyi a, ou pral gen yon bon lide sou konesans ak ekspeyans ke konpanyi plis bezwen yon amplwaye ranpli.

Fè yon Bon Premye Enpresyon

An plis de jwenn enfòmasyon sa, mèn kèk konsèy jeneral a sa “pou fè” a sa “pou pa fè” jou entèvyou an. Swiv sa yo pou vreman eliminен konpetisyón an!

- ➔ Ale pou kont ou epi rive omwen senk minit an avans.
- ➔ Souri epi pou byen elve ak tout moun ou rankontre.
- ➔ Pa fimen oswa manje chicklets.
- ➔ Pote nenpòt ki lisans oswa sètifikasi okipasyon w avèk ou.
- ➔ Pote kopi ekstra rezime ou, referans ak lèt rekomandasyon pou kite ak moun k ap fè entèvyou an si li ta mande ou pou yo.
- ➔ Fòk ou si ou eksplike kalifikasyon ou okomplè epi pou byen relye konesans ou a deskripsiyon djòb lan.
- ➔ Fòk ou pozitif epi konfidant, mèn pou pa awogan.
- ➔ Reponn kesyon yo okomplè ak presizyon—pa pale twòp.
- ➔ Kenbe kontak zye ak moun k ap fè entèvyou an.
- ➔ Pa diskite okenn bagay pèsonèl.

- ➔ Fè atansyon pou pa montre tik nèvè kouwè manje zong ou oswa rigole.
- ➔ Di kisa ou vle kouwè travay epi entere ou nan konpanyi an.
- ➔ Poze moun k ap fè entèvyou an kesyon regadan konpanyi an pou ranfose ke ou enterese nan konpanyi an.
- ➔ Mande pou pèmisyon pou ka rele yo pou mande yo rezulta entèvyou an.
- ➔ Remesye moun k ap fè entèvyou an pou tan li.

Apre entèvyou an toujou voye yon lèt remesiman fòmèl. Lèt sa enpòtan nan chans pou yo ba ou djòb lan, donk fè l mache nan avantaj ou. Refere a pozisyon ke nou te diskite an epi pale yo sou kalifikasyon ou yo anko— k ap strese antouzyasm ou pou konpanyi an. Fini lèt la pa remesye moun k ap fè entèvyou an pou tan li ak konsiderasyon li. (Gade egzanimp lan pi ba a.)

Pratike Repons Entèvyou Ou Yo

Non sèlman swiv konsèy jeneral ki make anlè yo, siksè entèvyou travay ou an pral depan sou repons ou bay nan plizye kalite kesyon. Kesyon sa yo ka varye de pase ou a edikasyon ou a konesans manajè ak si ou efikas. Kelke swa kesyon yo, fòk ou bay bon presizyon pou enkli enfòmasyon ki pral bat konpetisyón an.

Mèn kèk kesyon yo kon mande dabitud pou ka byen pare repons ou yo.

Di m yon bagay de ou menm.

Kisa ki feblès ou?

Kisa ou konnen sou konpanyi nou an?

Poukisa ou vle travay avèk nou?

Ki salè w ap mande?

Poukisa pou mwen ba ou travay lan ?

Eske ou gen kesyon pou mwen?

Evalye Efikasite Ou

Deske entèvyou a fini, mezire enpresyon ou fè sou konpanyi an pa fè yon ti revizyon de kesyon swivan yo:

- Eske ou rive a lè?
- Eske ou te entwodwi tèt ou bay moun k ap fè entèvyou an ?
- Eske ou te revize rezime a ak moun k ap fè entèvyou an ?
- Eske li te diskite okenn bagay sou istwa pèsonèl ou? Si wi, kisa?
- Eske konpanyi an fè okenn komantè sou nenpòt nan konesans ou? Si wi, kisa yo di?
- Anjeneral ki enpresyon ke moun k ap fè entèvyou a genyen sou rezime ou an?
- Eske moun k ap fè entèvyou a te diskite nenpòt ki pwoblèm espesyal ou ka genyen? Si wi, kisa ki te diskite an?
- Eske ou te gade moun k ap fè entèvyou an pandan ou t ap pale avè l?
- Eske ou te di kijan ou te refere a konpanyi sa?

- Eske ou te di ou vle travay nan konpanyi a ak poukisa ke konpanyi a enterese ou?
- Si ou santi ou pap jwenn djòb ke ou fè entèvyou a pou si, eske ou mande si ta gen lòt djòb nan konpanyi an? Kisa yo te ye?
- Eske yon djòb pattym oswa tanpore yon opsyon?
- Eske te gen okenn bagay ke konpanyi a pat renmen? Si wi, kisa?
- Sou kisa nou te pale plis?
- Nan kisa moun lan te plis enterese?
- Ki lè ou te di ou tap rele ankò?

Vremen Devouwe w

Prezante tèt nan yon fason efikas nan yon entèvyou tre enpòtan pou jwenn djòb lan. Sepandan, rete pozitif enpòtan tou. Depandan sou plizye sikontans, ou ka pa jwenn ampil nan djòb ke ou fè entèvyou pou yo. Mèn, pa dekoraje. Panse ke entèvyou ki pa reyisi yo kouwè yon ekspeyans epi kontinye kanmenm. Job Search Journal MDCS ak lòt piblikasyon disponib nan MassHire Career Center sa. Mande sou atelye ki disponib pou ede ou pratike sou konesans entèvyou ou yo.

Company Name

Address

Date

Dear Ms. Smith

It was a pleasure to meet with you last Tuesday. Our discussion about the qualifications for the Customer Service Representative position only served to convince me further that I am right for this job. The people and the environment at your company were so welcoming and friendly, I could imagine myself as part of your team. I hope you can too.

Once again, thanks for your time and consideration. If you have any questions, feel free to call me at any time.

Sincerely,

John Richards

Yon konpanyi opotinite egal/pwogram. Asistans ak sèvis oksilyè disponib a moun ki enfim depi yo mande pou yo. Pou sèvis transmisyon pou moun ki soud, rele 1-800-439-0183 oswa 711.